


# QARAQALPAQ TILI SABAQLARÍNDA OQÍWSHILARDÍŃ AWIZEKI SÓYLEWIN RAWAJLANDÍRÍW METODIKASÍ

**Daniyarova Zamira**
Innovaciyalıq texnologiyalar universiteti docenti w.w.a.
**Kurbaniyazova Gulshad**
Innovaciyalıq texnologiyalar universiteti baslawısh tálim qánigeligi 2-kurs studenti
https://doi.org/10.5281/zenodo.17568100

## ARTICLE INFO

Qabul qilindi: 1-noyabr 2025 yil
Ma'qullandi: 3-noyabr 2025 yil
Nashr qilindi: 10-noyabr 2025 yil

## KEY WORDS

*awizeki sóylew, metodika, kommunikativ kompetenciya, interaktiv metodlar, dialoglıq sóylew, pikirlew, sóylew mádeniyatı, innovaciyalıq texnologiyalar, til tálimi.*

## ABSTRACT

*Bul maqalada qaraqalpaq tili sabaqlarında oqıwshılardıń awızeki sóylewin rawajlandırıw máselesi keń kólemde analizlengen. Til oqıtıwdıń zamanagóy koncepciyalarına tiykarlanıp, awızeki sóylewdi qáliplestiriwdiń teoriyalıq hám ámeliy tiykarları, metodikalıq jaqınlasıwlar hám de interaktiv texnologiyalardıń ornı tereń kórsetilgen. Sonday-aq, oqıwshılarda kommunikativ kompetenciyanı rawajlandırıw, sóz baylıǵın keńeytiw, sóylewdi durıslaw hám sóylesiw mádeniyatın qáliplestiriwde oqıtıwshınıń roli tolıq túsindirilgen. Izertlewde sóylewdi bahalaw hám qadaǵalawdıń nátiyjeli usılları da keltirilgen.*

**Kirisiw.** Búgingi kúnde dúnya bilimlendiriw sistemasında tiykarǵı itibar oqıwshını passiv bilim alıwshıdan aktiv qatnasıwshı, dóretiwshi shaxsqa aylandırıwǵa qaratılmaqta. Sonlıqtan, qaraqalpaq tili sabaqlarında oqıwshılardıń awızeki sóylewin rawajlandırıw mashqalası tek ǵana lingvistikalıq emes, al psixologiyalıq, pedagogikalıq hám sociallıq jaqtan da áhmiyetli máselelerden biri bolıp esaplanadı.

Til - bul millettiń ruwxı, onıń tariyxıy esteligi hám mádeniy baylıǵınıń kórinisi. Sonıń ushın da ana tilin tolıq iyelew, onı durıs hám kórkem qollanıw hár bir oqıwshı ushın turmıslıq zárúrlik bolıp esaplanadı. Tilekke qarsı, ayırım jaǵdaylarda oqıwshılar grammatikalıq bilimlerge iye bolsa da, olardı awızeki sóylewde durıs qollanıwda qıyınshılıqlarǵa dus keledi. Bunıń sebebi sabaq procesinde kommunikativlik qatnasqa jeterli itibar berilmewi, awızeki sabaqlardıń sistemalı shólkemlestirilmegeni bolıp tabıladı.

Usı kózqarastan, oqıwshılarda awızeki sóylewdi rawajlandırıw ushın interaktiv metodlar, innovaciyalıq texnologiyalar, qarım-qatnasqa baǵdarlanǵan tapsırmalar hám de dóretiwshilik jumısqa tiykarlanǵan shınıǵıwlar qollanılıwı zárúr. Bul arqalı oqıwshı óz pikirin óz betinshe bildiriw, logikalıq pikirlew, esitkenin qayta bayanlaw, sonday-aq, sáwbette belsene qatnasıw kónlikpelerin iyeleydi.

Demek, qaraqalpaq tili sabaqlarında awızeki sóylewdi rawajlandırıw - bul oqıwshınıń pikirlewi, dóretiwshiligi, sociallıq belsendiligi hám milliy ózligin qáliplestiriw ushın tiykar jaratatuǵın process bolıp tabıladı.

Sóylew - bul insan oylawınıń eń áhmiyetli kórinisi. Hár qanday pikir awızeki yamasa jazba formada óz kórinisin tappaǵansha, ol tolıq qáliplespegen bolıp esaplanadı. Sonlıqtan, oqıwshılardı awızeki sóylewge úyretiw tek ǵana til úyretiw emes, al pikirlewdi úyretiw procesi bolıp tabıladı.

Til biliminde awızeki sóylewdiń mánisi haqqında kóplegen teoriyalar bar. Máselen, Tilshi Omarova A. óz izertlewlerinde atap ótkenindey, "Awızeki sóylewdiń rawajlanıwı psixologiyalıq-pedagogikalıq tiykarlar arqalı ámelge asadı; bunda oqıwshınıń jeke tájiriybesi, pikirlewi hám sezimlik iskerligi ayrıqsha orın tutadı." Demek, awızeki sóylewdi qáliplestiriw tek lingvistikalıq emes, al psixologiyalıq process sıpatında da qaraladı [3].

Sonday-aq, Niezova M. hám Rustamova D. "Ana tili sabaqlarında oqıwshılardı óz betinshe pikirlewge úyretiwshi interaktiv metodlar" atlı maqalasında aytadı: "Interaktiv metodlar járdeminde oqıwshı sabaq procesinde aktiv qatnasadı, sóylesiw arqalı sóylew kompetenciyasın rawajlandıradı." Usi pikirden kóriwimiz múmkin, sóylewdi rawajlandırıwda interaktiv metodlardıń roli úlken [2, 480-481].

Tilshin Tursunova S. bolsa, "Baslawısh klass oqıwshılarınıń ana tili sabaqtan tısqarı shınıǵıwlarında awızeki sóylewin rawajlandırıw metodları" atlı maqalasında, "Til oqıtıwda sabaqtan tısqarı jumıslar, teatr shınıǵıwları, debatlar awızeki sóylewin nátiyjeli rawajlandıradı," - dep atap ótedi [5, 217-220]. Usı pikir de awızeki sóylewdi sabaqtan tısqarı jaǵdaylar menen baylanıstırıp úyreniwdiń zárúrligin kórsetedi.

Sóylewdi rawajlandırıw tómendegi baǵdarlardı óz ishine aladı:

- sóz baylıǵın keńeytiw;
- aytıw hám pátti tuwrılaw;
- pikirdi logikalıq bayan etiw;
- sóylew mádeniyatına ámel etiw;
- tıńlaw hám juwap beriw kónlikpesin arttırıw.

Bulardıń barlıǵı oqıwshılarda kommunikativ kompetenciyanı qáliplestiriwge xızmet etedi. Sebebi, kommunikativ kompetenciya - bul tek ǵana tildi biliw emes, al onı hár túrli jaǵdaylarda durıs qollay alıw qábileti bolıp esaplanadı.

Házirgi zaman bilim beriw procesinde oqıwshılardıń awızeki sóylewin rawajlandırıw ushın interaktiv metodlar eń nátiyjeli qural esaplanadı. Sebebi bul metodlar oqıwshınıń pikirlewin, eslep qalıw qábiletin, talqılaw kónlikpesin jedellestiredi.

Eń kóp qollanılatuǵın metodlardan bazıları tómendegiler bolıp tabıladı:

"Rol oynaw" metodında oqıwshılar hár túrli turmıslıq jaǵdaylardı (bazar, emlewxana, kitapxana, mektep, transport hám t.b.) saxnalastıradı. Bul olarda tábiyiy qarım-qatnasqa kirisiw, sezim-tuyǵı arqalı anıq sóylew kónlikpesin rawajlandıradı.

"Aqılıy hújim" metodında temaga tiyisli sorawlar berilip, hárbir oqıwshi tez juwap beredi. Bul metod pikirdi qısqa, biraq anıq bayanlaw, sóylew reakciyasın tezlestiriwge járdem beredi.

"Debat" metodında bolsa oqıwshılar eki toparga bólinip, belgili bir máselede tartısadı. Bul proceste olar dáliller keltiriw, logikalıq pikirlew, óz pikirin qorǵawdı úyrenedi.

Oqıwshılar "Klaster" metodında belgili bir temaǵa tiyisli sóz hám sóz dizbeklerin klaster formasında jaylastırıp, olardıń baylanısın tallaydı. Bul olarda sóz baylıǵın sistemalastırıw kónlikpesin payda etedi.

"Fishbone" (Sebep-nátiyje) metodı arqalı oqıwshı mashqalanı awızeki analizleydi, sebep hám aqibetlerdi sóz benen túsindiredi.

Bunnan tısqarı, multimedia qurallarınan paydalanıw (audio, video, slaydlar) da awızeki sóylewdi rawajlandırıwda áhmiyetli orın tutadı. Sebebi oqıwshı esitken hám kórgen maǵluwmattı óz sózleri menen qayta bayan etiwge háreket etedi - bul bolsa sóylew aktivligin asıradı.

Oqıtıwshı awızeki sóylewdi qáliplestiriwde tek bilim beriwshi emes, al motivaciyalawshı, jolbasshı, sóylesiwdi shólkemlestiriwshi sıpatında qatnasadı. Oqıwshılardıń sabaqta qatnasıwın jedellestiriw ushın muǵallim tómendegi jumıslardı ámelge asırıwı zárúr:

- hárbir oqıwshıǵa sóz sóylew imkaniyatın beriw;
- qátelerdi dúzetiwde olardı xoshametlew, sınǵa almaw;
- sabaqtı real baylanıs jaǵdaylarına tiykarlaw;
- oqıwshılardıń jas ózgesheliklerin esapqa alıw;

• oyın, jarıs, saxna kórinislerin kirgiziw arqalı qızığıwshılıqtı arttırıw.

Sonday-aq, oqıtıwshı sabaqta xoshametlewshi sózler, sóylew modellerinen paydalanıw, individual qatnas sıyaqlı metodikalıq usıllardı da qollanıwı kerek. Nátiyjede, oqıwshılarda sóylew ushın ózine isenim payda boladı, olar óz pikirin erkin hám tábiyiy bayan etiwdi úyrenedi.

Awızeki sóylewdi rawajlandırıwdıń ajıralmas bólegi bul - bahalaw hám qadaǵalaw procesi. Sebebi bahalaw arqalı oqıwshınıń rawajlanıw dinamikası anıqlanadı.

Bahalawdıń zamanagóy formalarına tómendegiler kiredi:

- Óz ara bahalaw. Oqıwshılar bir-biriniń shıǵıwların tıńlap, olardı anıqlıq, kórkemlilik, logikalıq sıyaqlı ólshemler tiykarında bahalaydı.
- Ózin bahalaw. Hárbir oqiwshi óz sóylewin analizlep, kúshli hám kúshsiz tápreplerin aniqlaydı.
- Refleksiya. Sabaq sońında oqıwshı búgingi sabaqta nelerdi úyrengenin awızeki bildiredi.

Bahalaw kriteriyaları bolsa tómendegilerdi óz ishine aladı:

- Aytıwdıń anıqlıǵı hám durıslıǵı;
- Pikirdiń logikalıq izbe-izligi;
- Grammatikalıq durıslıq;
- Sóz baylıǵı;
- Sóylewdiń tábiyiyligi hám emocional kórkemligi.

Bunday qatnas oqıwshılardıń sóylewdegi kemshiliklerin anıqlaw, olardı óz betinshe dúzetiwge iytermelew imkaniyatın beredi.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq tili sabaqlarında awızeki sóylewdi rawajlandırıw - bul oqıwshınıń kommunikativ kompetenciyasın qáliplestiriw, pikirlewdi rawajlandırıw hám mádeniy dárejesin arttırıwdıń eń áhmiyetli baǵdarlarınan biri bolıp esaplanadı.

Oqıtıwshı sabaq procesinde interaktiv metodlar, dialoglıq shınıǵıwlar, sáwbetlesiw hám ról oynaw usıllarınan nátiyjeli paydalansa, oqıwshılar tek tilden ǵana emes, al pikirlewden, kórkem sóylewden de zawıqlanadı.

Bunnan tısqarı, awızeki sóylewdi rawajlandırıw tek sabaq penen sheklenip qalmawı kerek. Sabaqtan tısqarı shınıǵıwlar, ádebiy kesheler, teatr dógerekleri, debatlar, oqıwshılar konferenciyaları da bul processtiń nátiyjeliligin arttıradı.

Nátiyjede, oqıwshılar óz pikirin logikalıq, izbe-iz hám mádeniyatlı túrde bildiriw, sáwbette belsendi bolıw, esitkenin ańlaw hám qayta bayanlaw kónlikpelerine iye boladı. Solay etip, awızeki sóylewdi rawajlandırıw - bul oqıwshınıń jeke hám sociallıq rawajlanıwında, keleshektegi tabısında sheshiwshi áhmiyetke iye bolǵan process bolıp esaplanadı.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:

1. Genjebayevich, A. J. (2024). TÁLIM PROCESINDE INTERAKTIV METODLARDAN PAYDALANIWDIŃ ÁHMIYETI. Eurasian Journal of Academic Research, 4(2-1), 153-155.
2. Niezova, M., & Rustamova, D. (2020). Ona tili darslarida oquvchilarni mustaqil fikrlashga o ‘rgatuvchi interaktiv va noan’anaviy metodlari. Молодой ученый, (4), 480-481.
3. Omarova, A. (2018). Og‘zaki nutqning rivojlanishi psixologik va pedagogik asoslar. Buxoro: Xalq Ta'limi.
4. Rakhimov, N. (2015). Ta'limda Innovatsiyalar va Yangi Pedagogik Texnologiyalar. Toshkent: Fan va Texnologiya.
5. Tursunova, S. (2024, October). Boshlang ‘ich sinf o ‘quvchilarining ona tili sinfdan tashqari mashg ‘ulotlarda og ‘zaki nutqini rivojlantirish metodlari. In CONFERENCE ON THE ROLE AND IMPORTANCE OF SCIENCE IN THE MODERN WORLD (Vol. 1, No. 9, pp. 217-220).
6. Yahshilikov, K. U. (2023). Ta’lim jarayonida interaktiv metodlar. Science and Education, 4(10), 369-373.